



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU YO FLOTE DRAPÒ YO A DEMI-MA POU ONORE ANSYEN REPREZANTAN JOHN LAFALCE**

*Yo pral flote drapo a demi ma atravè etablisman Eta Nouyòk yo lendi 14 avril la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding eta yo pral flote a demi ma nan depi solèy leve rive solèy kouche lendi 14 avril, pou onore ansyen reprezantan Eta Nouyòk, John LaFalce.

"John LaFalce te gen yon gwo enfliyans sou debi karyè mwen, li te rekrute m nan yon gwo kabinè nan DC pou sèvi kòm Konseye Lejislatif li nan Capitol Hill epi li te mete m sou chemen yon lavi ki konsakre ak fonksyon piblik la. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yon vrè defansè pou Lwès Nouyòk, John te sousye pwofondman de elektè l yo epi li te travay san pran souf pou pote pwojè transfòmatif lakay li nan distri li te renmen an. Panse mwen ale jwenn madanm li, pitit gason li Martin, ak tout moun ki te renmen l."

John te genyen premye eleksyon li nan Sena Eta Nouyòkla an 1971, epi li te deplase nan Asanble Eta a an 1973. Apre sa, li te genyen eleksyon nan Chanm Reprezantan Ameriken an, kote li te sèvi twa distri diferan ant 1975 ak 2003.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)